

# Multi-Language Visual Glossary

## Middle School Math Glossaries in:

English

Spanish

Chinese

Vietnamese

Cambodian

Laotian

Arabic

**Haitian Creole**

Russian

Portuguese



**McDougal Littell Middle School**

# Math

---

Larson

Boswell

Kanold

Stiff

## Multi-Language Visual Glossary

The Multi-Language Visual Glossary includes an English Glossary that covers all the vocabulary in Middle School Math, Courses 1-3, as well as translations of this glossary into the following languages:

Spanish

Chinese

Vietnamese

Cambodian

Laotian

Arabic

Haitian Creole

Russian

Portuguese



**McDougal Littell**

A HOUGHTON MIFFLIN COMPANY

Evanston, Illinois • Boston • Dallas

Copyright © 2007 by McDougal Littell,  
a division of Houghton Mifflin Company.  
All rights reserved.

Permission is hereby granted to teachers to reprint or photocopy in classroom quantities the pages or sheets in this work that carry a McDougal Littell, a division of Houghton Mifflin Company, copyright notice. These pages are designed to be reproduced by teachers for use in their classes with accompanying McDougal Littell, a division of Houghton Mifflin Company, material, provided each copy made shows the copyright notice. Such copies may not be sold and further distribution is expressly prohibited. Except as authorized above, prior written permission must be obtained from McDougal Littell, a division of Houghton Mifflin Company, to reproduce or transmit this work or portions thereof in any other form or by any other electronic or mechanical means, including any information storage or retrieval system, unless expressly permitted by federal copyright laws. Address inquiries to Supervisor, Rights and Permissions, McDougal Littell, a division of Houghton Mifflin Company, P.O. Box 1667, Evanston, IL 60204.


ISBN13: 978-0-618-74113-7  
ISBN10: 0-618-74113-5

456789-DOM-10 09 08


# HAITIAN CREOLE

**A**


**absolute value/valè absoli** Valè absoli yon nimewo  $a$  se distans ant  $a$  ak 0 sou yon liy nimerik sou li. Men kouman yo ekri valè absoli  $a$   $|a|$ .



**acute angle/ang egi** Yon ang ki mezire pi piti pase  $90^\circ$ .



**acute triangle/triyang egi** Yon triyang ki gen twa ang egi.



**addition property of equality/pwopriyete egalite adisyon** Lè w adisyonen menm nimewo yo sou chak bò yon ekwasyon, sa ba w yon ekwasyon ki gen menm valè  $a$ .

Si  $x - 5 = 2$ , lè sa a  
 $x - 5 + 5 = 2 + 5$ , kifè  $x = 7$ .

Si  $x - a = b$ , lè sa a  
 $x - a + a = b + a$ .

**additive identity/idantite aditif** Nimewo 0 se yon idantite aditif paske lè w adisyonen 0 ak nenpòt lòt nimewo, rezilta a se nimewo orijinal la.


$$-7 + 0 = -7$$

$$a + 0 = a$$

**additive inverse/envès aditif** Envès aditif yon nimewo  $a$  se nimewo ki opoze ak nimewo  $a$  oswa  $-a$ . Lè w adisyonen yon nimewo ak envès aditif yon nimewo  $a$ , sòm total la se 0.

envès aditif 6 se  $-6$ ,  
 ki fè  $6 + (-6) = 0$ .


**adjacent angles/ang adjasan** De (2) ang ki pataje yon kote komen ak yon somè san youn pa monte sou lot.



$\angle 1$  ak  $\angle 2$  se ang adjasan.

**algebraic expression/ekspresyon aljebrik** *Gade* ekspresyon varyab.

**angle/ang** Yon figi [jewometrik] ki fèt ak de (2) liy ki kòmanse nan yon menm pwèn kòmèn, yo rele somè.




**angle of rotation/ang wotasyon** Nan yon wotasyon, ang ki fèt ak de (2) liy ki desinen depi sant wotasyon an, ki ale nan pwen ki koresponn sou figi orijinal la ak sou imaj la.

*Gade* wotasyon.

**annual interest rate/to enterè anyèl** Pousantaj ou genyen sou prensipal la oswa pousantaj ou peye pa ane a.


Si w mete \$100 nan yon kont anbank ki peye 4% pa ane, lè sa a 4% se to enterè anyèl la.

**arc/ak** Se yon pòsyon nan yon sèk.



Ak la antrekwaze  $\angle A$  nan pwen B ak C.

**area/sipèfisi** Kantite sifas yon figi [jewometrik] kouvri. Yo mezire sipèfisi an inite okare tankou pye kare ( $ft^2$ ) oswa mètr kare ( $m^2$ ).



*Sipèfisi* = 12 inite okare

**associative property of addition/pwopriyete asosyatif adisyon** Valè yon sòm (total) pa depann de kouman nimewo yo gwoupe.

$$(9 + 4) + 6 = 9 + (4 + 6)$$

$$(a + b) + c = a + (b + c)$$

**associative property of multiplication/pwopriyete asosyatif miltiplikasyon** Valè yon pwodwi pa depann de (2) kouman nimewo yo gwoupe.

$$(2 \cdot 5) \cdot 3 = 2 \cdot (5 \cdot 3)$$

$$(ab)c = a(bc)$$

**average/mwayèn** A Yon sèl nimewo yo itilize pou dekri karakteristik yon ansanm (gwoup) done.

*Gade* mwayèn, medyan, ak modèl.

**axes/aks** Yon liy orizontal (liy kanpe) ki gen nimewo sou li, *aks orizontal*, ak yon liy vètikal (liy kouche) ki gen nimewo sou li, *aks vètikal*, epi ki rankontre nan pwen (0, 0).

*Gade* plan kowòdone.


**B**






**balance/balans** Total enterè ak kapital.

*Gade* enterè senp.



**bar graph/grafik an baton/grafik an ba** Yon chema kote yo itilize longè baton yo pou reprezante ak konpare done.





**Kote yo preferè pou naje**




<p><b>base of a parallelogram/baz yon paralelogram</b> Longè nenpòt kote yo ka itilize kòm baz nan paralelogram nan.</p>	
<p><b>base of a power/baz yon pisans</b> Nimewo oswa ekspresyon yo itilize kòm faktè nan yon multiplikasyon kap repete (lè yo multipliyè yon nimewo plizyè fwa pa limenm).</p>	<p>Nan pisans <math>5^3</math>, baz la se 5.</p>
<p><b>base of a solid/baz yon solid</b> <i>Gade</i> prism, silenn, piramid, <i>ak</i> kon.</p>	
<p><b>base of a triangle/baz yon triyang</b> Longè nenpòt kote yo ka itilize kòm baz nan triyang lan.</p>	
<p><b>bases of a trapezoid/baz yon trapèz</b> Longè kote (bò) ki paralèl nan trapèz la.</p>	
<p><b>benchmark/pwendrepè</b> Yon objè familye ki ka sèvi pou estime dimansyon yon inite.</p>	<p>Longè yon ti klips tou piti se apeprè yon pous.</p>
<p><b>biased sample/echantiyon byeze/echantiyon ak erè sistematik</b> Yon echantiyon ki pa reprezante popilasyon (gwoup/ansanm) kote li soti a.</p>	<p>Manm yon ekip football se yon echantiyon byeze se w vle detèminen kantite tan an mwayèn elèv pase ap jwen espò chak semèn.</p>
<p><b>binomial/binòm</b> Yon polinòm ki gen 2 tèm.</p>	$7y^4 + 9$
<p><b>bisector of an angle/bisektris yon ang</b> Se demi-dwat ki divize yon ang an de (2) zang ki gen menm mezi.</p>	
<p><b>box-and-whisker plot/dyagram an bwat a moustach</b> Yon prezantasyon done ki divize yon gwoup done an kat pati kote yo itilize ekstrèm enferyè (kote ki anba nè), katil enferyè, medyan, katil siperyè, ak ekstrèm siperyè (kote ki anwo nè).</p>	
<p><b>capacity/kapasite</b> Kapasite mezire kantite yon veso ka pran.</p>	
<p><b>center of a circle/Sant/mitan yon sèk</b> Pwen ki andedan sèk la epi ki a menm distans lan ak tout lòt pwen sou sèk la.</p>	<p><i>Gade</i> sèk.</p>



<p><b>center of rotation/sant wotasyon</b> Pwen yo swiv pou vire yon figi [jewometrik] lè figi a ap fè yon wotasyon.</p>	<p>Gade wotasyon.</p>
<p><b>circle/sèk</b> Gwoup tout pwen yon plan [jewometrik] (yo rele reyon) ki a menm distans ak yon pwen fiks yo rele sant (mitan).</p>	
<p><b>circle graph/grafik/chema sikilè</b> Yon grafik (chema) ki reprezante done ki fè pati yon sèk. Tout sèk la nèt reprezante tout done yo.</p>	<p><b>Opinyon sou montay ris</b></p> 
<p><b>circumference/sikonferans</b> Distans tout wonn yon sèk.</p>	<p>Gade sèk.</p>
<p><b>clustering/gwoupman</b> Yon metòd pou estime yon total lè nimewo yap adisyonnen yo gen menm valè a.</p>	<p>Ou ka estime total  <math>72 + 69 + 65</math> kòm  <math>3(70) = 210</math>.</p>
<p><b>coefficient/koyefisyan</b> Yon nimewo ki fè pati yon tèm ki gen yon nimewo enkonni ki varyab.</p>	<p>Koyefisyan <math>7x</math> se <math>7</math>.</p>
<p><b>combination/konbinezon</b> Yon fason pou mete objè an gwoup kote lòd la pa enpòtan.</p>	<p>Mò VASE la gen 4 lèt ladann.          Yo ka fè 6 konbinezon 2 lèt avèk li:          VA VS VE AS AE SE</p>
<p><b>common factor/faktè kòmen</b> Yon chif antye ki faktè 2 oswa plis pase 2 chif antye ki pa zewo.</p>	<p>Faktè kòmen 8 ak 12 se 1, 2, ak 4.</p>
<p><b>common multiple/miltip kòmen</b> Yon chif antye ki miltip 2 oswa plis pase 2 chif antye ki pa zewo.</p>	<p>Miltip kòmen 6 ak 8 se 24, 48, 72, 96, . . .</p>
<p><b>commutative property of addition/pwopriyete komitatif adisyon</b> Nan yon total ou ka adisyonnen tèm (nimewo) yo nan nenpòt ki lòd.</p>	$4 + 7 = 7 + 4$ $a + b = b + a$
<p><b>commutative property of multiplication/pwopriyete komitatif miltiplikasyon</b> Nan yon pwodwi, ou ka miltipliye faktè yo nan nenpòt ki lòd.</p>	$5(-8) = -8(5)$ $ab = ba$
<p><b>compatible numbers/nimewo/chif konpatib</b> Nimewo ki rann yon kalkil fasil.</p>	<p>Pou estime kosyan  <math>377.25 \div 21</math>, itilize nimewo konpatib:  <math>377.25 \div 21 \approx 380 \div 20 = 19</math></p>

<p><b>complement/konpleman</b> Ansanm tout eleman ki nan ansanm inivèsèl <math>U</math> ki pa nan ansanm <math>A</math>, yo ekri li <math>\sim A</math>.</p>	
<p><b>complementary angles/ang konplemantè</b> De (2) ang ki mezire <math>90^\circ</math> lè w adisyonen yo.</p>	
<p><b>complementary events/evenman/etap konplemantè</b> Evenman ki pa gen okenn rezilta kòmen men lè w mete yo ansanm yo gen tout rezilta eksperyans lan.</p>	<p>Lè w woule yon kib ki gen nimewo sou li, evenman pou "jwenn yon chif enpè" ak pou "jwenn yon chif pè" se evenman konplemantè yo ye.</p>
<p><b>composite number/nimewo konpoze</b> Yon chif anitye ki pi plis pase 1 epi ki gen lòt faktè apa chif la limenm ak 1.</p>	<p>6 se yon chif konpoze paske faktè li yo se 1, 2, 3, ak 6.</p>
<p><b>compound events/evènman konpoze</b> De (2) oswa plizyè evènman ki ka rive swa anmenmtan oswa youn apre lòt.</p>	<p><i>Al gade nan</i> evènman endepandan yo <i>ak</i> evènman depandan yo.</p>
<p><b>compound interest/enterè konpoze</b> Enterè ki akimile, sou toulède, sou kapital la e sou nenpòt ki lòt enterè ki deja akimile.</p>	<p>Ou depoze \$250 nan yon kont kap rapòte 4% interest compounded yearly. After 5 years, your account balance is  <math>y = 250(1 + 0.04)^5 \approx \\$304.16</math>.</p>
<p><b>computation/kalkil</b> Fè operasyon pou jwenn yon kantite. Yon kalkil ka pi bon rezilta operasyon yo.</p>	
<p><b>cone/kòn</b> Yon solid ki gen yon baz sikilè (won) ak yon somè ki pa nan menm plan an.</p>	
<p><b>congruent angles/ang korespondan</b> Ang ki gen menm mezi a.</p>	<p><i>Gade</i> triyang korespondan.</p>
<p><b>congruent polygons/poligòn kongriyan</b> Dè poligòn ki sanblab e ki gen menm gwosè. Nan poligòn kongriyan yo, ang korespondan yo kongriyan epi kote korespondan yo kongriyan. Senbòl <math>\cong</math> la endike kongriyans epi lè yo li l yo di "li kongriyan a."</p>	 <p><math>\triangle ABC \cong \triangle DEF</math></p>
<p><b>congruent segments/segman kongriyan</b> Segman ki gen menm longè.</p>	<p><i>Al gade nan</i> poligòn kongriyan yo.</p>
<p><b>congruent sides/kote/bò korespondan</b> Kote ki gen menm longè.</p>	<p><i>Gade</i> triyang korespondan.</p>

**congruent triangles/triyang kongriyan** Triyang ki gen menm gwosè ak menm fòm. Ang korespondan yo kongriyan e kote korespondan yo kongriyan.



**constant term/tèm konstan** Yon tèm gen gen yon nimewo ladann men li pa gen nimewo varyab (ki ka chanje).

Nan ekspresyon  $5y + 9$ , tèm (chif) 9 la se yon nimewo konstan li ye.


**converse/kontrè/envès** Yon enstriksyon kondisyonèl kote ipotèz la ak konklizyon an ranvèse.

Orijinal: Si w netwaye cham ou, lè sa a li va pwòp.

Kontrè (envès): Si cham ou pwòp, se paske w te netwaye l.

**coordinate grid/kawo kowòdone** Gade plan kowòdone.


**coordinate plane/plan kowòdone** Yon plan ki divize an kat *kadran* ak yon liy orizontal (liy kanpe) ki gen chif sou li, yo rele aks  $x$  ak yon liy vètikal (liy kouche) ki gen chif sou li yo rele aks dèz  $y$  (aks dèzòdone).



**coordinates/kowòdone** Chif nan yon pè nimewo ki nan lòd epi ki sou yon pwen nan yon kawo kowòdone. Gade also aks dèz  $x$ - oswa aks dèz absis ak aks dèz  $y$  (aks dèzòdone).


Chif 4 ak 3 pè chif ki nan lòd (4, 3) se kowòdone graf (cherna (4, 3), kii sou 4 inite adwat ak 3 inite anwo apatide (0, 0).

**corresponding angles/ang korespondan** Ang ki okipe yon pozisyon korespondan lè yon liy kwaze ak de (2) lòt liy.




$\angle 1$  ak  $\angle 2$  se ang korespondan.

**corresponding parts/pati korespondan** Pè (2) kote (bò) ak (2) ang nan poligòn ki nan menm pozisyon relatif.



Pati korespondan:  
 $\angle U$  ak  $\angle X$ ,  $\angle V$  ak  $\angle Y$ ,  
 $\angle W$  ak  $\angle Z$ ,  $\overline{UV}$  ak  $\overline{XY}$ ,  
 $\overline{VW}$  ak  $\overline{YZ}$ ,  $\overline{UW}$  ak  $\overline{XZ}$ .

**cosine/kosinis/kòs** The Kosinis nenpòt ang egi  $A$  nan yon triyang dwat se pwopòsyon janm adjasan ipoteniz lan.



**counting principle/prensip kalkil** Si yon evenman ka fèt  $m$  fwa, epi pou chak bagay sa yo, yon dezyèm evenman ka fèt  $n$  fwa, lè sa a, kantite fwa de evenman yo ka fèt ansanm se  $m \cdot n$ . Ou ka pouse prensip kalkil la jiska twa evenman oswa plis.

Si yon fèt T-shirt nan 5 dimasyon ak nan 7 koulè, lè sa a kantite T-shirt diferaan ki posib pou fèt a se  $5 \cdot 7 = 35$ .

**cross products/pwodwi katezyen** Nan yon pwopòsyon

$$\frac{a}{b} = \frac{c}{d} \text{ kote } b \neq 0 \text{ ak } d \neq 0, \text{ pwodwi katezyen se } ad \text{ ak } bc.$$

Pwodwi katezyen

pwopòsyon  $\frac{2}{3} = \frac{4}{6}$  la se  $2 \cdot 6$  ak  $3 \cdot 4$ .

**cross products property/pwopriyete pwodwi katezyen** Pwodwi katezyen yon pwopòsyon egal menm bagay la.

Si  $\frac{4}{9} = \frac{12}{x}$ , ki fèt  $4x = 9 \cdot 12$ .

Si  $\frac{a}{b} = \frac{c}{d}$  kote  $b \neq 0$  ak  $d \neq 0$ , ki fèt  $ad = bc$ .


**cube/kib** Yon prism rektangilè ki gen fas 6 fas kare korespondan.

*Gade solid.*

**cubed/kibik/okib** Yon chif okib se chif la nan pwisans 3.

4 okib vle di  $4^3$ , oswa 64.

**cylinder/silenn** Yon solid ki gen de (2) baz sikilè (won) korespondan ki nan plan paralèl.



**data/done** Enfòmasyon, detay, oswa nimewo ki dekri yon bagay.


Kantite machin yo vann chak nan nan magazen machin:  
 340, 350, 345, 347, 352, 360, 365



**decimal/desimal** Yon nimewo yo itilize sitèm kote chak plas gen yon valè ki baze sou dis pou ekri li. Valè chak plas se dis (10) fwa valè plas ki sou bò dwat la.

Chif desimal 3.12 reprezante 3 inite plis 1 dizyèm plis 2 santayèm, oswa twa ak douz santayèm.

**degrees/degre** Inite pou mezre ang. Senbòl degre a se  $^{\circ}$ . Gen  $360^{\circ}$  nan yon sèk.



Mezi  $\angle A$  se  $58^{\circ}$ .


**denominator/denominatè** Chif  $b$  nan fraksyon  $\frac{a}{b}$  kote  $b \neq 0$ .

Denominatè  $\frac{7}{13}$  se 13.

**dependent events/evenman/etap depandan** De (2) evenman kote si youn fèt sa afekte posiblite pou lòt la fèt tou.

Yon sache gen 5 mab wouj ak 8 mab ble. Ou chwazi yon mab pa aza, men pa ranplase l; lè fini, chwazi yon lòt mab pa aza. Evenman ki fè “premye mab la wouj” epi “dezyèm mab la wouj” se evenman depandan yo ye.

**diagonal/dyagonal** Yon segman, ki pa yon kote (bò), ki konekte 2 somè yon poligòn.



**diameter of a circle/dyamèt yon sèk** Distans yon pwen nan sèk la al sou lòt pwen an lè w pase nan mitan sèk la.

Gade sèk.


**difference/diferans** Rezilta w jwenn lè w fè soustraksyon yon nimewo nan yon lòt nimewo.

Diferans ant 7 ak 3 se  $7 - 3$ , oswa 4.

**digit/chif** Nenpòt ki nimewo 0, 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, oswa 9.

Nan chif antye 127,891, valè chif la 8 se 800, oswa  $8 \times 100$ , paske li nan plas santèn nan.

**dilation/dilatasyon** Yon transfòmasyon ki elaji oswa ratresi yon figi [jewometrik].



Echèl faktè a se  $\frac{1}{2}$ .

**dimension/dimansyon** Mezi yon figi [jewometrik], espesyalman longè ( $l$ ), lajè ( $w$ ), oswa wotè ( $h$ ).

Gade sipèfisi, baz, wotè, ak volim yon solid.

**direct variation/varyasyon dirèk** Se relasyon ki genyen ant de (2) varyab  $x$  ak  $y$  si gen yon nonm  $k$  ki pa zewo tèlke  $y = kx$  oswa  $k = \frac{y}{x}$ .

$$y = 5x$$

$$y = kx$$

**discount/rabè** Yon kantite yo soustrè (dedwi) sou pri regilye yon atik pou jwenn pri de vant lan.

Lè tenis \$40 nan likidasyon a yon rabè 25%, rabè a se 25% ki soti sou \$40, oswa \$10.

**disjoint events/evenman/etap san pwen kòmen** Evenman ki pa gen okenn rezilta an kòmen.

Lè w woule yon kib ki gen nimewo sou li, evenman "pou jwenn yon chif enpè" ak "pou jwenn yon 4" se evenman ki san pwen kòmen.

**distributive property/pwopriyete distribitif** Ou ka yon chif ak yon total si w miltipliye chif la ak chak pati nan total la, lè fini ou adisyone pwodwi sa yo. Menm pwopriyete sa a aplike pou soustraksyon tou.

$$a(b + c) = ab + ac$$

$$3(4 + 6) = 3(4) + 3(6)$$

$$a(b - c) = ab - ac$$

$$2(8 - 5) = 2(8) - 2(5)$$

**divid end/dividann** Yon chif yon divize pa yon lòt chif.

Nan  $18 \div 6 = 3$ , dividann lan se 18.

**divisible/divisib** Yon chif ki divizib pa yon lòt chif si lòt chif sa a se yon faktè premye a.

Psike  $3 \times 4 = 12$ , 12 divisib pa 3 ak pa 4.

**division property of equality/pwopriyete egalite nan divizyon** Lè w divize chak bò yon ekwasyon pa yon menm chif ki pa zewo, sa ba w yon ekwasyon ekivalan.

Si  $6x = 54$ , lè sa a  $\frac{6x}{6} = \frac{54}{6}$ , ki fè  $x = 9$ .

Si  $ax = b$  epi  $a \neq 0$ , lè sa a  $\frac{ax}{a} = \frac{b}{a}$ .

**divisor/divizè** Chif ou divize yon lòt chif avèk li a.


Nan  $18 \div 6 = 3$ , divizè a se 6.

**domain of a function/domèn yon fonksyon** Gwoup done ki posib pou mete fonksyon.


Gade fonksyon.

**double bar graph/grafik/chema a baton doub** Yon grafik lineyè ki montre de (2) gwoup done sou menm chema a.

**Bèt yo prefere nan jaden zowolojik**




**edge of a polyhedron/arebò yon poliyèd** Yon segman dwat kote de (2) fas poliyèd la rankontre.



**E**

**edge of a solid/arebò yon solid** Yon liy ki yon segman kote de (2) fas yon solid rankontre.



**elapsed time/kantite tan ki pase** Kantite tan ant tan yon bagay kòmanse ak lè l fini.

Tan k pase ant  
7:15 a.m. ak 12 p.m. se  
4 èdtan ak 45 minit.

**element/eleman** Se yon objè nan yon ansanm.

5 se yon *eleman* ki nan yon ansanm ki gen nonm antye yo,  
 $W = \{0, 1, 2, 3, 4, 5, \dots\}$ .

**empty set/ansanm vid** Se ansanm ki pa gen eleman yo, yo reprezante l pa  $\emptyset$ .


Ansanm nonm antye negatif yo =  $\emptyset$ .

**endpoint/ekstremite** *Gade* segman *ak* reyon.

**equation/ekwasyon** Yon fraz matematik ki fèt lè w mete yon siy egal (=) ant de (2) ekspresyon mathematical.

$3 \cdot 6 = 18$  ak  $x + 7 = 12$  se ekwasyon.

**equilateral triangle/triyang ekilateral** Yon triyang ki gen twa kote (bò) ki gen menm longè.



**equivalent equations/ekwasyon ekivalan** Ekwasyon ki gen menm solisyon (yo).

$2x - 6 = 0$  ak  $2x = 6$  se ekwasyon ekivalan paske solisyon toulede se 3.

**equivalent expressions/ekpresyon ekivalan** Ekspresyon ki gen menm valè lè yo senplifye.

$4(3 + 5)$  ak  $4(3) + 4(5)$  se ekspresyon ekivalan paske  
 $4(3 + 5) = 4(8) = 32$  ak  
 $4(3) + 4(5) = 12 + 20 = 32$ .

**equivalent fractions/fraksyon ekivalan** Fraksyon ki reprezante menm chif la.

$\frac{5}{15}$  ak  $\frac{20}{60}$  se fraksyon ekivalan paske toulede reprezante  $\frac{1}{3}$ .

**equivalent inequalities/inegalite ekivalan** Inegalite ki gen men solisyon.

$3x \leq 12$  ak  $x \leq 4$  se inegalite ekivalan paske solisyon toude inegalite yo se tout chif ki pi piti oswa ki egal a 4.

**equivalent ratios/rapò ekivalan** Rapò ki gen menm valè.

$\frac{15}{12}$  ak  $\frac{25}{20}$  se pwopòsyon ekivalan paske  $\frac{15}{12} = 1.25$  ak  $\frac{25}{20} = 1.25$ .

<p><b>equivalent variable expressions/ekspresyon ekivalan varyab</b> Ekspresyon ki egal pou chak valè chak varyab ki ladan yo.</p>	<p><math>5(x - 3)</math> ak <math>5x - 15</math> se ekspresyon varyab ekivalan.</p>
<p><b>estimate/estime</b> Jwenn yon solisyon apwòksimatif pou yon pwoblèm.</p>	<p>Ou ka estime total <math>88 + 51</math> kòm <math>90 + 50</math>, oswa 140.</p>
<p><b>evaluate/evalye</b> Jwenn valè yon ekspresyon ak yon sèl operasyon oswa plis.</p>	<p><math>4(3) + 6 \div 2 = 15</math></p>
<p><b>evaluating a variable expression/evalyasyon yon ekspresyon varyab</b> Ranplase chak varyab nan ekspresyon an ak yon valè epi senplifye ekspresyon nimerik ou jwenn kòm rezilta a.</p>	<p>Evalye <math>2x + 3y</math> lè <math>x = 1</math> ak <math>y = 4</math> bay <math>2(1) + 3(4) = 2 + 12 = 14</math>.</p>
<p><b>event/evenman/etap</b> Koleksyon rezilta yon eksperyans.</p>	<p>Evenman/etap “pou jwenn yon chif enpè” nan yon chif okib depann de rezilta 1, 3, ak 5.</p>
<p><b>experimental probability/pwobablite eksperimental</b> Yon pwobablite eksperimental baze sou kantite fwa yo repete esè eksperyans lan. Pwobablite eksperimental yon evenman se:</p>	<p>Pandan yon mwa, otobis lekòl ou a alè 17 jou sou 22 jou lekòl. Pwobablite eksperimental pou otobis la alè a se:</p> $P(\text{otobis la alè}) = \frac{17}{22} \approx 0.773$
$P(\text{evenman}) = \frac{\text{Kantite siksè}}{\text{Kantite esè}}$	
<p><b>exponent/ekspozan</b> Ekspozan yon pisans se kantite fwa faktè a repete.</p>	<p>Ekpozan pisans <math>2^3</math> se 3.</p>
<p><b>expression/ekspresyon</b> Gade ekspresyon nimerik.</p>	
<p><b>face of a polyhedron/fas yon poliyèd</b> Yon poligòn ki se yon kote poliyèd la.</p>	<p><i>Al gade nan arèt yon poliyèd.</i></p>
<p><b>face of a solid/fas yon solid</b> Yon poligòn ki fè yon kote (bò) solid la.</p>	<p><i>Gade bò yon solid.</i></p>
<p><b>factor/faktè</b> Lè yo multipliyè chif antye ki pa zewo ansanm; chak nimewo se faktè pwodwi a.</p>	<p>Piske <math>2 \times 3 \times 7 = 42</math>, 2, 3, ak 7 se faktè 42.</p>
<p><b>factor tree/reprezantasyon grafik faktè sanblab ak yon pyebwa</b> Yon chema yo ka itilize pou fè mizanfaktè primè yon nimewo.</p>	<pre> graph TD     54 --- 6     54 --- 9     6 --- 2     6 --- 3     9 --- 3     9 --- 3 </pre>
<p><b>factorial/faktoryèl</b> Yo pwononse ekspresyon <math>n!</math> kòm “<math>n</math> faktoryèl” epi li reprezante pwodwi tout nimewo de 1 a <math>n</math>.</p>	<p><math>4! = 4 \cdot 3 \cdot 2 \cdot 1 = 24</math></p>



**favorable outcomes/rezilta favorab** Rezilta favorab koresponn ak evenman byen presize.

Lè woule yon kib ki gen nimewo sou li, rezilta favorab evenman "pou jwenn yon chif ki pi plis pase 4" se 5 ak 6.

**formula/fòmil** Yon ekwasyon ki gen rapò ak de (2) kantite oswa plis, tankou perimèt, longè, ak lajè.

$$P = 2l + 2w$$

**fraction/fraksyon** Yon nimewo ki ekri sou fòm  $\frac{a}{b}$  kote  $b \neq 0$ .

$\frac{5}{7}$  ak  $\frac{18}{10}$  se fraksyon.

**frequency/frekans** Kantite done ki nan yon entèval nan yon tablo frekans oswa yon istogram.

Gade tablo frekans ak istogram.

**frequency table/tablo frekans** Yon tablo yo itilize pou konte konbyen fwa valè done parèt nan yon gwoup done oswa nan yon gwoup valè ki nan entèval.

Intèval	Kont	Frekans
0-9	II	2
10-19	IIII	4
20-29	IIII	5
30-39	III	3
40-49	IIII	4

**front-end estimation/estimasyon ak chif devan** Yon metòd estimasyon ki fèt lè w adisyonen chif devan yo epi w sèvi ak lòt chif ki rete yo pou ajiste total la.

Pou estim  $3.81 + 1.32 + 5.74$ , toudabò, adisyonen, chif devan yo:  $3 + 1 + 5 = 9$ . Lè fini, estime total lòt chif ki rete yo:  $0.81 + (0.32 + 0.74) \approx 1 + 1 = 2$ . Total la se apeprè  $9 + 2 = 11$ .

**function/fonksyon matematik** Lè w mete chak chif nan yon gwoup kèlkonk ak yon chif nan yon lòt gwoup pou fè yon pè. Ou kòmanse ak yon chif yo rele antre (input), fonksyon an asosye yon chif yo rele sòti (output) avèk li.

Done $x$	1	2	3	4
Rannman $y$	2	4	6	8


Tablo input-output ki anwo a reprezante yon fonksyon.

**function notation/notasyon fonksyon matematik** Yon ekwasyon ki itilize  $f(x)$  pou reprezante antre fonksyon  $f$  pou yon sòti  $x$ .

Yo itilize notasyon fonksyon an pou ekri  $f(x) = 5x + 13$ .

**graph of an inequality/grafik/chema yon inegalite** Se yon liy nimerik, se gwoup pwen ki reprezante solisyon inegalite a. (Gade demi-plan.)

Yo montre grafik (chema) inegalite  $x < 2$  a anba a. Pwen ouvè ki nan 2 a montre 2 pa fè pati solisyon inegalite a.




**greatest common factor (GCF)/pi gran faktè kòmen (GCF)** Pi gwo faktè kòmen nan de (2) oswa plis chif antye ki pa zewo.

Pi gran faktè kòmen 64 ak 120 se pi gran nan faktè kòmen 1, 2, 4, ak 8, ki vle di 8.

**grouping symbols/senbòl gwoupman** Senbòl tankou parantèz, kwochè, oswa ba fraksyon ki mete yon pati yon ekspresyon an gwoup.

Parantèz nan  $12 \div (4 - 1)$  se senbòl gwoupman ki fè konnen pou fè soustraksyon an dabò.

**half-plane/demi-plan** Grafik (chema) yon inegalite lineyè an de (2) varyab.



**height of a parallelogram/wotè yon paralelogram** Distans pèpandikilè ant bò kote longè a se baz la ak lòt bò a.

*Gade* baz yon paralelogram.


**height of a trapezoid/wotè yon trapèz** Distans pèpandikilè ant baz trapèz la.

*Gade* baz yon trapèz.

**height of a triangle/wotè yon triyang** Distans pèpandikilè ant bò kote longè a se baz la ak somè lòt bò a.

*Gade* baz yon triyang.


**heptagon/eptagòn** Yon poligòn ki gen sèt (7) kote (bò).



**hexagon/hegzagòn** Yon poligòn ki gen sis (6) kote (bò).




**histogram/istogram** Yon grafik (chema) ki montre done ki sou yon tablo frekans. Yon istogram gen yon ba pou chak entèval ki gen valè done nan tablo a. Longè ba a montre frekans lan pou entèval la.



**horizontal axis** The horizontal number line of a graph.

*See* coordinate plane.

**hypotenuse/ipoteniz** Kote (bò) nan yon triyang dwat ki opoze a ang dwat triyang lan.



**identity property of addition/idantite pwopriyete adisyon** Total yon nimewo plis idantite aditif, 0, se menm nimewo a.

$$8 + 0 = 8$$

$$a + 0 = a$$

**identity property of multiplication/idantite pwopriyete multiplikasyon** Pwodwi yon nimewo ak idantite multiplikatif, 1, se menm nimewo a.

$$4 \cdot 1 = 4$$

$$a \cdot 1 = a$$

**image/imag** Nouvo figi [jewometrik] ki pwodwi lè gen yon transfòmasyon ki fèt.

*Gade* refleksyon, wotasyon, *ak* translasyon.

**improper fraction/fraksyon iregilye** Yon fraksyon ki gen nimeratè li pi gran oswa egal a denominatè a.

$$\frac{21}{8} \text{ ak } \frac{6}{6} \text{ se fraksyon iregilye.}$$

**independent events/evenman/etap endepandan** De (2) evenman kote si youn fèt sa pa afekte posiblite pou lòt la fèt tou.

Ou fè pil ou fas ak yon pyès monnen epi ou woule yon kib ki gen nimewo sou li. Evenman pou “jwenn fas la” ak pou “jwenn yon 6” se evenman endepandan yo ye..

**inequality/inegalite** Yon fraz matematik ki ekri lè w mete yon senbòl inegalite ant de (2) ekspresyon yo.

$$3 < 5 \text{ ak } x + 2 \geq -4 \text{ se inegalite.}$$

**input/antre** Yon nimewo kote yon fonksyon opere. Valè yon antre (input) nan domèn fonksyon an.

*Gade* fonksyon.

**input-output table/tablo antre-sòti** Yon tablo yo itilize pou reprezante yon fonksyon. Ladann li yo mete yon lis sòti (output) pou chak nan plizyè antre (inputs) diferan ki genyen yo.

*Gade* fonksyon.

**integers/chif antye** Chif . . . , -4, -3, -2, -1, 0, 1, 2, 3, 4, . . . ki gen chif antye negatif yo ladann, zèwo, ak chif antye pozitif yo.


$$-8 \text{ ak } 14 \text{ se chif antye.}$$

$$-8\frac{1}{3} \text{ ak } 14.5 \text{ pa chif antye.}$$

**interest/enterè** Kantite lajan ki fèt oswa ki peye pou sèvi ak lajan.


*Gade* enterè senp.

**interquartile range/entèval entèkwatil** Diferans ki genyen ant kwatil siperyè e kwatil enferyè nan yon dyagram bwat ak moustach.




*Entèval entèkwatil la* se  $37 - 19$ , oswa 18.

**intersecting lines/liy kwaze** De (2) liy ki rankontre nan yon pwen.



**intersection of a set/entèseksyon yon ansanm** Se ansanm tout eleman yo ki nan toulede ansanm yo, ansanm  $A$  ak ansanm  $B$ , ke yo reprezante kòm  $A \cap B$ .



**inverse operations/operasyon envès** Operasyon kote youn "defèt" lòt.

Adisyon ak sustraksyon se operasyon envès.

Multiplikasyon ak divizyon se operasyon envès tou.

**inverse property of addition/pwopriyete envès adisyon**  
Total yon nimewo ak envès aditif, oswa opoze a, se 0.

$$5 + (-5) = 0$$

$$a + (-a) = 0$$

**inverse property of multiplication/pwopriyete envès multiplikasyon** Pwodwi yon nimewo ki pa zewo ak envès multiplikatif li, oswa respwòk la, se 1.

$$\frac{3}{4} \cdot \frac{4}{3} = 1$$

$$\frac{a}{b} \cdot \frac{b}{a} = 1 \quad (a, b \neq 0)$$

**inverse variation** The relationship of two variables  $x$  and  $y$  if there is a nonzero number  $k$  such that  $xy = k$  or  $y = \frac{k}{x}$ .


$$\frac{x}{y} = k \text{ or } y = \frac{k}{x}$$

$$\frac{x}{y} = 8 \text{ or } y = \frac{8}{x}$$


**irrational number/chif irasyonèl** Yon chif reyèl yo pa ka ekri kòm kosyan de chif. Fòm desimal yon chif irasyonèl pa ni fini ni repete.

$\sqrt{2}$  ak 0.313113111... se chif irasyonèl.

**isometric drawing/desen izometrik** Se yon desen bi-dimansyonèl (ak 2 dimansyon) de yon desen tri-dimansyonèl (ak 3 dimansyon) ke yo ka kreye si yo itilize yon griy ki gen pwen ak yon ansanm twa aks ki entèsekte pou fòm yon ang  $120^\circ$ .



**isosceles triangle/triyang izosèl** Yon triyang ki gen de kote (bò) ki menm longè.






**lateral surface area/sipèfisi lateral** Sipèfisi yon figi ki eskli sifas baz li (yo).




**leading digit/chif devan/chif agoch** Premye chif ki pa zewo nan yon nimewo.

Chif devan 725 se 7.  
Chif devan 0.002638 se 2.

<p><b>leaf/fèy</b> Dènye chif ki parèt adwat yon nimewo nan reprezantasyon grafik nimewo sou fòm branch ak fèy (relve branch ak fèy) [stem-and-leaf plot].</p>	<p><i>Gade</i> reprezantasyon grafik nimewo sou fòm branch ak fèy (relve branch ak fèy)[stem-and-leaf plot].</p>
<p><b>least common denominator (LCD)/pi piti denominatè kòmen (LCD)</b> Pi piti miltip kòmen nan denominatè de (2) oswa plis fraksyon.</p>	<p>Pi piti denominatè kòmen <math>\frac{5}{6}</math> ak <math>\frac{7}{9}</math> se pi piti miltip kòmen 6 ak 9, oswa 18.</p>
<p><b>least common multiple (LCM)/pi piti miltip kòmen (LCM)</b> Pi piti nan miltip kòmen de (2) oswa plis chif antye ki pa zewo.</p>	<p>Pi piti miltip kòmen 9 ak 12 se pi piti nan miltip kòmen sa yo 36, 72, 108, . . . , oswa 36.</p>
<p><b>legs of a right triangle/kote yon triyang dwat</b> De (2) kote (bò) yon triyang dwat ki fòme yon ang dwat.</p>	<p><i>Gade</i> ipoteniz.</p>
<p><b>length/longè</b> <i>Gade</i> dimansyon.</p>	
<p><b>like terms/tèm sanblab</b> Tèm ki gen pati varyab idantik. (Yo konsidere de (2) oswa plis tèm konstan kòm tèm sanblab.)</p>	<p>Nan ekspresyon <math>x + 4 - 2x + 1</math>, <math>x</math> ak <math>-2x</math> se tèm sanblab, epi 4 ak 1 se tèm sanblab.</p>
<p><b>line/liy</b> Yon seri pwen ki etale san fen nan de (2) direksyon opoze.</p>	 <p style="text-align: center;">RS oswa SR</p>
<p><b>line graph/grafik lineyè</b> Yon kalite grafik (chema) kote gen pwen ki reprezante de (2) done ki konekte ak segman ki fèt an liy.</p>	<p style="text-align: center;"><b>Pri lò an mwayèn</b></p> 
<p><b>line of reflection/liy refleksyon</b> Liy ki gen yon figi [jewometrik] ki vire sou lè [jewometrik] figi an fè yon reflè.</p>	<p><i>Gade</i> refleksyon/reflè.</p>
<p><b>line of symmetry/liy simetri</b> Yon liy ki divize yon figi [jewometrik] an de (2) pati ki bay imaj envès pou yo chak.</p>	<p><i>Gade</i> liy simetri.</p>
<p><b>line plot/reprezantasyon grafik yon liy</b> Chema yon liy ki gen nimewo sou li epi ki itilize X kòm mak pou montre frekans atik oswa kategori yap konte yo.</p>	

**line symmetry/simetri nan liy** Yon figi [jewometrik] gen simetrynan liy si gen yon liy yo rele liy simetri ki ka divize l an de (2) pati ki bay imaj envès yo chak.




Yon kare gen 4 liy simetri.

**linear equation** An equation in which the variables appear in separate terms and each variable occurs only to the first power.

$7y = 14x + 21$  se yon ekwasyon lineyè.

**linear function/fonksyon lineyè** Yon fonksyon kote grafik (chema) a se yon liy oswa fè pati yon liy.



**linear inequality/inegalite lineyè** Yon inegalite kote varyab yo parèt an tèm apa epi chak varyab parèt nan pisans 1 sèlman.

$y \leq 2x + 5$  se yon inegalite lineyè.

**lower extreme/ekstrimite enferyè (kote ki anba nèt)** Pi piti valè nan yon seri done.

Gade dyagram an bwat a moustach.

**lower quartile/katil enferyè** Medyan mwaye ki pi ba nan yon seri data.

Gade dyagram an bwat a moustach.

**markup/majorasyon/ogmantasyon sou pri de revyen** Ogmantasyon sou pri angwo yon atik.

Pri angwo yon pen se \$1 men boutik la vann li pou \$1.59. Ogmantasyon an se \$.59.

**mean/mwayèn** Total valè nan yon seri done divize pa kantite valè yo.

Mwayèn seri done

85, 59, 97, 71 la

$$\text{se } \frac{85 + 59 + 97 + 71}{4} = \frac{312}{4} = 78.$$

**measure/mezi** Jwen dimansyon, kantite, kapasite oswa pwa.

Gade kapasite ak dimansyon.

**median/medyan** Valè ki nan mitan nan yon seri done lè valè yo ekri nan lòd nimerik. Si seri done a gen yon kantite valè ki yon chif pè, medyan nan se mwayèn de (2) chif nan mitan yo.

Medyan seri done

8, 17, 21, 23, 26, 29, 34, 40, 45

la se nimewo ki nan mitan an, 26.

**mixed number/nimewo miks/chif antye ansanm ak yon fraksyo** Yon chif ki gen yon pati ki yon chif antye ak yon pati ki yon fraksyon.

$3\frac{2}{5}$  se yon chif antye ansanm ak yon fraksyon.



**mode/modèl** Valè ki parèt pi souvan nan yon seri done. Yon seri done ka pa gen modèl, li ka gen yon modèl oswa plis.

Nan seri done

36, 36, 37, 37, 39, 40, 41,  
ni 36 ni 37 parèt de (2) fwa,  
ki fè gen de (2) modèl, 36 ak 37.

**monomial/monòm** Yon chif, yon varyab oswa pwodwi yon chif ak yon varyab oswa plis.

$3xy$ ,  $8x^2$ ,  $x$ , ak 14 se monòm.

**multiple/miltip** Pwodwi yon chif ak nenpòt lòt chif antye ki pa zewo.

Miltip 3 se  
3, 6, 9, . . . .

**multiplication property of equality/pwopriyete egalite miltiplikasyon** Lè w miltipliye chak bò yon ekwasyon ak yon menm nimewo ki pa zewo, li bay yon ekwasyon ekivalan.

Si  $\frac{x}{3} = 7$ , lè sa a  $3 \cdot \frac{x}{3} = 3 \cdot 7$ ,  
ki fè  $x = 21$ .  
Si  $\frac{x}{a} = b$  ak  $a \neq 0$ ,  
lè sa a  $a \cdot \frac{x}{a} = a \cdot b$ .

**multiplication property of zero/pwopriyete miltiplikasyon zewo** Pwodwi yon nonm ak 0 se 0.

$-4 \cdot 0 = 0$   
 $a \cdot 0 = 0$

**multiplicative identity/idantite miltiplikatif** Chif 1 se idantite miltiplikatif paske pwodwi nenpòt ki chif ak 1 se chif orijinal la.

$9 \cdot 1 = 9$   
 $a \cdot 1 = a$


**multiplicative inverse/envès miltiplikatif** Envès miltiplikatif yon chif  $\frac{a}{b}$  ( $a, b \neq 0$ ) se respwòk chif la, oswa  $\frac{b}{a}$ . Pwodwi yon chif ak envès miltiplikatif li se 1.

Envès miltiplikatif  $\frac{3}{2}$  se  
 $\frac{2}{3}$ , ki fè  $\frac{3}{2} \cdot \frac{2}{3} = 1$ .


**negative integers/chif antye negatif** Chif negatif yo pi piti pase zewo.

Chif antye negatif yo se  $-1, -2,$   
 $-3, -4, . . . .$

**net/depliyan** Yon figi ki gen de (2) dimansyon epi ki ka pliye pou fòm yon solid.



Depliyan




Solid

**number fact family/fanmi done nimerik** Detay kat nimewo ki gen twa chif ki gen rapò youn ak lòt pa mwayen operasyon envès.

Done sa yo  $8 + 2 = 10$ ,  
 $10 - 2 = 8$ ,  $2 + 8 = 10$ , ak  
 $10 - 8 = 2$  nan menm fanmi done nimerik.

**number line/liy nimerik** Yon liy ki gen pwen ki asosye ak chif. Ou ka itilize yon liy nimerik pou konpare ak pou mete chif nan lòd. Nimewo ki sou yon liy nimerik ogmante de goch a dwat.



**number sentence/fraz nimerik** Gade ekwasyon.


**numerator/nimeratè** Chif  $a$  nan fraksyon  $\frac{a}{b}$ .

Nimeratè  $\frac{7}{13}$  se 7.

**numerical expression/ekspresyon nimerik** Yon ekspresyon expression ki gen chif ak operasyon pou fèt ladann epi ki reprezante yon valè patikilye.

Ekspresyon nimerik  
 $2 \times 3 - 1$  reprezante 5.


**obtuse angle/ang obti** Yon ang ki mezire an between  $90^\circ$  ak  $180^\circ$ .



**obtuse triangle/triyang obti** Yon triyang ki gen yon ang obti.



**octagon/oktagòn** Yon poligòn ki gen wit (8) kote (bò).



**odds in favor of an event/kosyan/chans an favè yon evenman** Pwopòsyon rezilta favorab pa rapò a rezilta defavorab.

Chans pou woule yon chif pè sou yon kib ki gen sis bò se  $\frac{3}{3}$ , oswa 1.

**opposites/opoze/kontrè** De (2) chif ki a menm distans de zewo sou yon liy nimerik men ki sou kote opoze ak zewo.


$-3$  ak  $3$  se opoze.

**order of operations/lòd operasyon** Lòd operasyon yo fèt lè yap evalye ekspresyon ki gen plis pase yon sèl operasyon.

Pou evalye  $3 + 2 \cdot 4$ , ou fè multiplikasyon an anvan adisyon an:

$$3 + 2 \cdot 4 = 3 + 8 = 11$$

**ordered pair/pè/koup òdone/2 objè ki nan lòd** Yon pè chif  $(x, y)$  yo ka itilize pou reprezante yon pwen nan yon plan kowòdone. Premye chif la se kowòdone  $x$  la, epi dezyèm chif la se kowòdone  $y$  la.



**origin/orijin** Pwen (0, 0) kote aks dèx  $x$  la ak aks dèz  $y$  la rankontre nan yon plan kowòdone.

Gade plan kowòdone.

**outcome/rezilta** Yon rezilta ki posib nan yon eksperyans.

Lè w voye yon pyès monen anlè pou fè pil ou fas, rezilta a se tèt la oswa do a.

**output/sòti** Yon chif yo jwenn lè yo itilize yon antre (input) pou evalye yon fonksyon. Valè yon sòti (output) se nan echèl fonksyon an li ye.


Gade fonksyon.

**overlapping events/evenman/etap ki fèt an menm tan** Evenman ki gen youn oswa plis rezilta an kòmen.


Lè w woule yon kib ki gen nimewo sou li, chans “pou jwenn yon chif ki pi piti pase 3” ak “pou jwenn yon chif pè” se evenman ki fèt an menm tan paske yo gen 2 kòm rezilta an kòmen.

**P**

**parallel lines/liy paralèl** De (2) liy ki nan menm plan men ki pa kwazé. Yo itilize senbòl  $\parallel$  pou montre liy paralèl.




**parallelogram/paralelogram** Yon kadrilatè ki gen de (2) pè kote ki paralèl.



**pattern/modèl/echantiyon** Yon lis objè oswa chif an òd ki gen yon relasyon lojik ant yomenm (pattern).

**pentagon/pantagòn** Yon poligòn ki gen senk kote (bò).



**percent/pousantaj** Yon-powpòsyon ki gen 100 kòm denominatè. Senbòl pousantaj la se %.

$$\frac{17}{20} = \frac{17 \cdot 5}{20 \cdot 5} = \frac{85}{100} = 85\%$$

**percent equation/ekwasyon an pousantaj** Ou ka reprezante “ $a$  se  $p$  pousan de  $b$ ” avèk ekwasyon  $a = p\% \cdot b$  kote  $a$  a se pati baz  $b$  epi  $p\%$  se pousantaj la.















4.5 se 10 pousan de 45 yo ka ekri l sou fòm ekwasyon  $4.5 = 10\% \cdot 45$ .





**percent of change/pousantaj echanj** Yon pousanta ki montre kouman yon kantite ogmante oswa diminye an konparezon ak kantite orijinal la:




Pousantaj echanj  $p$  ant 15 a 19 se:

Pousantaj echanj lan  $p = \frac{\text{Kantite ogmantasyon an oswa diminisyon an}}{\text{Kantite orijinal la}}$

$$p = \frac{19 - 15}{15} = \frac{4}{15} \approx 0.267 = 26.7\%$$

<p><b>percent of decrease/pousantaj diminisyon</b> Pousantaj echanj nan yon kantite lè nouvo kantite a pi piti pase kantite orijinal la.</p>	<p>Gade pousante echanj.</p>						
<p><b>percent of increase/pousantaj ogmantasyon</b> Pousantaj echanj nan yon kantite lè nouvo kantite a pi plis pase kantite orijinal la.</p>	<p>Gade pousante echanj.</p>						
<p><b>perfect square/kare pafè</b> Yon chif ki kare yon chif antye.</p>	<p>49 se yon kare pafè paske <math>49 = (\pm 7)^2</math>.</p>						
<p><b>perimeter/perimèt</b> Distans toutotou yon figi [jewometrik], yo mezire li an inite lineyè tankou pye, pous, oswa mè.</p>	<div style="text-align: center;">  </div> <p><i>Perimèt</i> = 5 + 7 + 8, oswa 20 cm</p>						
<p><b>permutation/pèmitasyon</b> Yon aranjman objè kote lòd la enpòtan.</p>	<p>Gen 6 pèmitasyon 3 lèt nan mo CAT la:</p> <table style="margin-left: auto; margin-right: auto;"> <tr> <td>CAT</td> <td>ACT</td> <td>TCA</td> </tr> <tr> <td>CTA</td> <td>ATC</td> <td>TAC</td> </tr> </table>	CAT	ACT	TCA	CTA	ATC	TAC
CAT	ACT	TCA					
CTA	ATC	TAC					
<p><b>perpendicular bisector</b> A line that divides a segment into two segments of equal length and forms four right angles.</p>	<div style="text-align: center;">  </div>						
<p><b>perpendicular bisector/bisekris pèpandikilè</b> Yon dwat ki divize yon segman an de (2) segman ki gen menm longè epi li fòme kat ang dwat.</p>	<div style="text-align: center;">  </div>						
<p><b>pi (<math>\pi</math>)/pi (<math>\pi</math>)</b> Pwopòsyon sikonferans yon sèk parapò ak dyamèt sèk la.</p>	<p>Ou ka itilize 3.14 oswa <math>\frac{22}{7}</math> pou estime <math>\pi</math>.</p>						
<p><b>pictograph/piktograf</b> Yon grafik (chema) ki itilize foto oswa senbòl pou montre done.</p>	<p style="text-align: center;"><b>Koulè je</b></p> <table style="margin-left: auto; margin-right: auto;"> <tr> <td>Mawon</td> <td></td> </tr> <tr> <td>Ble</td> <td></td> </tr> <tr> <td>Vèt</td> <td></td> </tr> </table> <p style="text-align: center;"> = 2 elèv</p>	Mawon		Ble		Vèt	
Mawon							
Ble							
Vèt							
<p><b>place value/valè pozisyon</b> Valè pozisyon chak chif nan yon nimewo depann de pozisyon li nan nimewo a.</p>	<p>Nan 723, 2 se plas dizyèm epi valè li se 20.</p>						
<p><b>plane/plan</b> Yon sifas plat ki etann li san fen nan tout direksyon.</p>	<div style="text-align: center;">  </div>						

<p><b>point/pwen</b> Yon pozisyon nan espas ki reprezante yon pwen.</p>	
<p><b>polygon/pollgòn</b> Yon figi closed plat ki fèt ak twa oswa plis segman yo rele kote. Chak kote rankontre ak lòt kòte yo nan yon <i>somè</i>.</p>	
<p><b>polyhedron/poliyedron</b> Yon solid ki fèmen andedan poligòn.</p>	
<p><b>polynomial/polinòm</b> Yon monòm oswa yon sòm monòm e chak ladann rele yon tèm polinòm.</p>	<p><i>Al gade nan</i> binòm, monòm, ak trinòm</p>
<p><b>population/popilasyon</b> Nan estatistik se toute gwoup moun oswa objè ou vle enfòmasyon sou yo.</p>	<p>Si yo a biyològ vle detèminen laj mwayèn elefan nan yon refij bèt sovaj, nan popilasyon ap gen chak elefan ki nan refij la.</p>
<p><b>positive integers/chif antye pozitif</b> Chif antye ki pi plis pase zewo.</p>	<p>Chif antye pozitif yo se 1, 2, 3, 4, . . . .</p>
<p><b>power/pisans</b> Yon pwodwi ou jwenn lè w kontinye repete multiplikasyon menm chif la oswa menm ekspresyon an pa limenm oswa. Yon pisans gen yon baz ak yon ekspozan.</p>	<p><math>2^4</math> se yon pisans ki gen baz 2 ak ekspozan 4. <math>2 \cdot 2 \cdot 2 \cdot 2 = 16</math></p>
<p><b>preimage/imag orijinal/imag anvan</b> Figi orijinal la anvan transfòmasyon.</p>	<p><i>Gade</i> reflè, wotasyon, <i>ak</i> translasyon.</p>
<p><b>prime factorization/mizanfaktè prensipal</b> Yon chif antye ki ekri sou fòm pwodwi faktè prensipal yo.</p>	<p>Pou fè mizanfaktè prensipal 54 se <math>54 = 2 \times 3 \times 3 \times 3 = 2 \times 3^3</math>.</p>
<p><b>prime number/chif/nimewo primè</b> Yon chif antye ki pi plis pase 1 epi sèl faktè se 1 ak chif antye a ankò.</p>	<p>59 se yon prime number, paske sèl faktè li genyen se 1 ak limenm.</p>
<p><b>principal/kapital/prensipal</b> Yon kantite lajan ki depoze oswa ki prete.</p>	<p>Si w depoze \$100 nan yon kontanbank ki peye 4% 'enterè anyèl, lè sa a prensipal la se \$100.</p>
<p><b>prism/prism</b> Yon solid ki fèt ak poligòn, ki gen de (2) baz korespondan, ki nan plan paralèl.</p>	 <p><b>Prism</b> rektangilè      <b>Prism</b> triyangilè</p>
<p><b>probability of an event/pwobablite yon evenman</b> Yon mezi sou posiblite ki genyen pou yon evenman fèt. Men kouman yo kalkile li</p> $\frac{\text{kantite rezilta favora}}{\text{kantite rezilta ki posib}}$ <p>lè tout rezilta yo gen menm posiblite pou yo fèt.</p>	<p>Si w lanse yon kib ki gen nimewo sou li, pwobablite pou w woule yon chif enpè a se <math>\frac{3}{6} = 0.5 = 50\%</math>.</p>

<b>product/pwodwi</b> Rezilta lè yo multipliyè de nimewo oswa plis.	Pwodwi 3 ak 4 se $3 \times 4$ , oswa 12.
<b>proper fraction/fraksyon regilye</b> Yon fraksyon kote nimeratè a pi piti pase denominatè a.	$\frac{2}{3}$ se yon fraksyon regilye.
<b>proportion/pwopòsyon</b> Yon ekwasyon ki gen de pwopòsyon rapò ekivalan ladann.	$\frac{3}{5} = \frac{6}{10}$ ak $\frac{x}{12} = \frac{25}{30}$ se pwopòsyon.
<b>pyramid/piramid</b> Yon solid ki fèt ak poligòn, ki gen yon baz. Baz la ka nenpòt poligòn, epi lòt poligòn yo se triyang.	
<b>Pythagorean theorem/teyorèm Pitagò</b> Pou nenpòt triyang dwat, sòm total kare longè kote $a$ ak $b$ egal kare longè $c$ ipoteniz la: $a^2 + b^2 = c^2$ .	 $15^2 + 20^2 = c^2$
<b>Pythagorean triple/triplè Pitagò</b> Yon sri twa chif antye pozitif $a$ , $b$ , ak $c$ kote $a^2 + b^2 = c^2$ .	5, 12, ak 13 se yon triplè Pitagò.
<b>quadrant/kadran</b> Youn nan kat rejyon kote yon plan kowòdone divize an aks dèz $x$ ak aks dèz $y$ .	Gade plan kowòdone.
<b>quadrilateral/kadrilatè</b> Yon figi jewometrik ki fèt ak liy yo rele kote, epi ki kontre nan pwent yo sèlman; yon poligòn ki gen kat kote ( $b_4$ ).	
<b>quotient/kosyan</b> Rezilta yon divizyon.	Kosyan 18 ak 6 se $18 \div 6$ , oswa 3.
<b>radical expression/ekspresyon radikal</b> Yon ekspresyon ki gen yon siy radikal ladann sign, $\sqrt{1}$ .	$\sqrt{3(22 + 5)}$ se yon ekspresyon radikal.
<b>radius of a circle/reyon yon sèk</b> Distans pou soti nan mitan sèk la ale nan nenpòt pwent sou sèk la. Ann angle yo rele li radius epi opliryèl se <i>radii</i> .	Gade sèk.
<b>random sample/echantiyon pa aza</b> Yon echantiyon (modèl) yo chwazi yon fason pou chak manm nan popilasyon an gen menm posiblite a pou yo fè pati modèl la (echantiyon).	Yo chwazi yon modèl 5 elèv klas setyèm pa aza si yo mete non tout elèv klas setyèm nan yon chapo epi yo fè yon tiraj 5 non san yo pa gade.
<b>range of a data set/echèl yon seri done</b> Diferans ki genyen ant pi gwo nimewo ak pi piti nimewo ki nan seri done a.	Echèl seri done 60, 35, 22, 46, 81, 39 la se $81 - 22 = 59$ .

**Q**

**HAITIAN CREOLE**

**R**

**range of a function/echèl yon fonksyon matematik**

Seri valè tout sòti (output) pou fonksyon an.

Gade fonksyon.

**rate/to** Yon pwopòsyon ki gen de (2) kantite ki mezire an inite diferan.

Yon avyon monte 18,000 pye nan 12 minit. To monte avyon an se

$$\frac{18,000 \text{ ft}}{12 \text{ min}} = 1500 \text{ ft/min.}$$


**rate of change/to varyasyon** Se konparezon yon chanjman nan yon kantite avèk yon chanjman nan yon lòt kantite. Nan sitiasyon ki reyèl yo, ou ka entèprete pant yon dwat kòm yon to varyasyonOu peye \$7 pou ka itilize yon òdinatè pandan 2 zèdtan epi \$14 pou itilize òdinatè a pandan 4 èdtan. *To varyasyon an* se chanjman nan pri/chanjman nan tan an

$$\frac{\text{chanjman nan pri}}{\text{chanjman nan tan an}} = \frac{14 - 7}{4 - 2} = 3.5$$


oswa \$3.50 pou chak èdtan.








**ratio/rapò** Yon konparezon ki fèt ak de (2) nimewo. Yo itilize divizyon pou fè konparezon an. Ou ka ekri pwopòsyon  $a$  parapò ak  $b$  (kote  $b \neq 0$ ) konsa  $a$  a  $b$ , oubyen konsa  $\frac{a}{b}$ , oubyen konsa  $a : b$ .Ou ka ekri pwopòsyon 17 parapò ak 12 tankou 17 a 12, tankou  $\frac{17}{12}$ , oswa 17 : 12.**rational number/chif rasyonèl** Yon nimewo ou ka ekri sou fòm  $\frac{a}{b}$  kote  $a$  ak  $b$  se chif antye epi  $b \neq 0$ .




$$6 = \frac{6}{1}, -\frac{3}{5} = \frac{-3}{5}, 0.75 = \frac{3}{4}, \text{ ak } 2\frac{1}{3} = \frac{7}{3} \text{ tout se chif rasyonèl.}$$

**ray/demidwat** Yon pati na yon liy ki gen yon *ekstremite* epi ki etann san fen nan yon direksyon.**real numbers/chif reyèl** Yon seri chif rasyonèl ak irasyonèl.0,  $-\frac{5}{9}$ , 2.75, ak  $\sqrt{3}$  tout se chif reyèl.**reciprocals/resipwòk** De (2) chif ki egal 1 lè w multipliyè yo 1.Piske  $\frac{3}{5} \times \frac{5}{3} = 1$ ,  $\frac{3}{5}$  ak  $\frac{5}{3}$  yo se resipwòk.**rectangle/rektang** Yon paralelogram ki gen kat ang dwat.**rectangular prism/prism rektangilè** Yon prism ki gen baz rektangilè.

Gade prism.


**reflection/reflè/refleksyon** Yon transfòmasyon ki reflete yon figi nan yon liy, yo rele li liy refleksyon, paske li kreye yon imaj envès yon figi; yo rele yon *flip*.

<p><b>reflex angle</b> An angle greater than <math>180^\circ</math> but less than <math>360^\circ</math>.</p>	
<p><b>regular polygon/poligòn regilye</b> Yon poligòn ki gen tout kote l yo egal an longè ak tout ang yo egal lè w mezire yo.</p>	
<p><b>regular pyramid/piramid regilye</b> Se yon piramid ki gen baz li ki se yon yon poligòn regilye.</p>	
<p><b>regular tessellation/reprezantasyon an teselasyon regilye/reprezantasyon an mozayik regilye</b> Yon reprezantasyon an teselasyon (an mozayik) fèt apatide yon sèl kalite poligòn regilye.</p>	
<p><b>relation/relasyon</b> Yon seri pè chif ki nan lòd.</p>	<p>(5, 7), (6, 5), (0, 5), (6, 0) se yon relasyon.</p>
<p><b>relative frequency/frekans relatif</b> Rapò nonm de rezilta favorab a nonm total defwa ke yo te fè esperyans la.</p>	<p><i>Al gade nan</i> pwobabilite esperimental.</p>
<p><b>relatively prime numbers/chif/nimewo primè ant yomenm</b> De (2) oswa plis chif antye ki pa zewo epi pi gran faktè kòmen yo se 1.</p>	<p>9 ak 16 se chif/nimewo primè ant yomenm paske GCF se 1.</p>
<p><b>remainder/rès</b> Si yon divizè pa divize dividann nan egal, rès la se chif antye ki rete a apre divizyon an fin fèt.</p>	
<p><b>repeating decimal/chif desimal repete</b> Yon desimal ki gen youn oswa plis chif ki repete ajamè (san fen).</p>	<p>0.3333... ak <math>2.\overline{01}</math> se desimal ki repete.</p>
<p><b>rhombus/lozanj</b> Yon paralelogram ki gen kat kote egal an longè.</p>	
<p><b>right angle/ang dwat</b> Yon ang ki mezire egzakteman <math>90^\circ</math>.</p>	

<p><b>right triangle/triyang dwat</b> Yon triyang ki gen yon ang dwat.</p>	
<p><b>rise/monte/elevasyon</b> Chanjman vètikal ant de (2) pwen sou yon liy.</p>	<p><i>Gade pant rise.</i></p>
<p><b>rotation/wotasyon</b> Yon transfòmasyon ki wote yon figi nan yon ang done, yo rele ang wotasyon, epi nan yon direksyon done pa rapò ak yon pwen fiks, yo rele sant wotasyon; yo rele li yon <i>tou</i>.</p>	
<p><b>rotational symmetry/simetri wotasyonèl</b> Yon figi gen simetri wotasyonèl si yon tou 180° oswa plis pwodwi yonimaj ki adapte egzakteman nan figi orijinal la.</p>	
<p><b>round/awondi</b> Estime yon nimewo jiska yon approximate a number to a given place value.</p>	<p>Lè w awondi 518 pou inite dizyèn ki pi pwòch la, ou jwenn 520, api lè awondi 518 pou inite santèn ki pi pwòch la ou jwenn 500.</p>
<p><b>round numbers/chif/nimewo awondi</b> Nimewo yo itilize nan yon estimasyon.</p>	<p>Ou ka itilize chif/nimewo awondi pou estime <math>18 \times 3.98</math> antanke <math>20 \times 4</math>, oswa 80.</p>
<p><b>run/diferans dèz absis</b> Chanjman orizontal ant de (2) pwen sou yon liy.</p>	<p><i>Gade pant.</i></p>
<p><b>sample/echantiyon/pati</b> Yon echantiyon/gwoup nan yon popilasyon.</p>	<p>Pou predi rezilta yon eleksyon, yo fè yon sondaj ak yon echantiyon (gwoup) moun ki ka vote.</p>
<p><b>sample space/espas echantiyonal</b> Se ansanm tout rezilta ki posib yo.</p>	<p><i>Espas echantiyonal</i> pou lanse yon kib nimewote se {1, 2, 3, 4, 5, 6}.</p>
<p><b>scale/echèl</b> Nan yon desèn a echèl, echèl la bay relasyon ant dimansyon chema a ak vrè dimansyon yo.</p>	<p>Echèl "1 in.:10 ft" vle di 1 pous nan echèl yon chema reprezante vrè distans 10 pye</p>

**S**

**scale drawing/desen a echèl** Chema yon objè kote dimansyon pwopòsyonèl ak vrè dimansyon objè a.




**scale factor/echèl** Pwopòsyon longè bò ki koresponn yo nan yon figi [jewometrik] pa rapò ak imaj yo apre dilasyon.

Gade dilasyon.

**scale model/modèl redwi** Yon modèl yon objè kote dimansyon yo pwopòsyonèl ak vrè dimansyon objè a.


Yon modèl Lamezon Blanch parèt nan Tabu World Square nan Japon. Echèl yo itilize a se 1:25.

**scalene triangle/triyang eskalèn** Yon triyang ki gen twa bò ki gen longè diferan.



**scatter plot/nwaj de pwen** Chema (grafik) yon seri done ki an pè (x, y) ki yon koleksyon yon pwen nan yon plan kowòdone.


**Kwasans yon pye sapen**



**scientific notation/notasyon syantifik** Yon nimewo ekri an notasyon syantifik si li ekri sou fòm  $c \times 10^n$  kote  $c$  pi gran oswa egal a 1 epi li pi piti pase 10, epi  $n$  se yon chif antye.

Nan notasyon syantifik, yo ekri 328,000 sou fòm  $3.28 \times 10^5$ , epi yo ekri 0.00061 sou fòm  $6.1 \times 10^{-4}$ .

**segment/segman** Yon pati nan yon liy ki gen de (2) *ekstremite* ak tout pwen ki nan mitan yo.



$\overline{AB}$  oswa  $\overline{BA}$  ak *ekstremite* A ak B.


**sequence/swit** Se yon lis nonm ki annòd.

se yon *swit*.


**set/ansanm** Yon koleksyon objè ki patikilye.

Ansanm nonm antye yo se  $W = \{0, 1, 2, 3, 4, 5, \dots\}$ .

**similar polygons/poligòn sanblab** Poligòn ki gen menm fòm men ki pa gen nesèsman menm gwosè. Ang korespondan poligòn sanblab yo kongriyan, e rapò ant longè kote korespondan yo egal. Yo itilize senbòl  $\sim$  la, pou endike ke de (2) poligòn sanblab.



**similar triangles/triyang sanblab** Triyang ki gen menm fòm men ki pa nesèsèman gen menm gwosè. Ang korespondan yo kongriyan, e rapò ant longè kote korespondan yo egal.




**simple interest/enterè senp** Enterè yon moun genyen oswa enterè yo peye yon moun sou kapital la. Enterè senp  $I$  se pwodwi kapital la  $P$ , to enterè anyèl la  $r$  ki ekri an chif desimal, ak kantite tan  $t$  ekri an ane:  $I = Prt$ .

Suppose you deposit \$700 into a savings account. The account earns 3% simple annual interest. After 5 years, the interest is  $I = Prt = (700)(0.03)(5) = \$105$ , and your account balance is  $\$700 + \$105 = \$805$ .


**simplèst form of a fraction/fòm pi senp yon fraksyon** Yon fraksyon nan fòm ki pi senp la si nimeratè ak ak denominatè a gen 1 kòm pi gran faktè kòmen yo.

Fòm pi senp fraksyon  
 $\frac{6}{8}$  se  $\frac{3}{4}$ .

**sine/sinis/sin** Sinis yon ang egi  $A$  nan yon triyang dwat se rapò kote opoze a ak ipoteniz lan.




**skew lines/dwat (liy) oblik** Se de (2) dwat ki nan dè plan diferan ki pa entèsèkte.




Dwat  $n$  ak  $p$  se dwat oblik yo ye.

**slant height/wotè enklinalasyon** Wotè nenpòt fas ki pa sou baz yon piramid regilye.








**slope/pant** Pant yon liy ki pa vètikal se rapò elevasyon an (chanjman vètikal) pa rapò ak diferan dèz absis (chanjman orizontal) ant nenpòt de (2) pwen sou liy la.



Pant lan liy anwo a se:


$$\text{pant} = \frac{\text{elevasyon}}{\text{diferans dèz absis}} = \frac{-2}{5} = -\frac{2}{5}$$

<p><b>slope-intercept form/fòm segman yon pant</b> Fòm yon ekwasyon lineyè <math>y = mx + b</math> kote <math>m</math> se pantlan epi <math>b</math> se aks dèz <math>y</math> la.</p>	<p><math>y = 6x + 8</math> nan fòm ssegman yon pant.</p>
<p><b>solid/solid</b> Yon figi [jewometrik] a twa dimansyon ki gen yon pati nan espas la ladann.</p>	
<p><b>solution of an equation/solisyon yon ekwasyon</b> Yon nimewo ki, lè yo pran plàs varyab la nan yon ekwasyon, yo vin rann ekwasyon an vre.</p>	<p>Solisyon ekwasyon <math>n - 3 = 4</math> se 7.</p>
<p><b>solution of an equation in two variables/solisyon yon ekwasyon ki gen de (2) varyab ladann</b> Yon pè chif ki nan lòd epi ki rann yon ekwasyon vre lè yo pran plas valè <math>x</math> ak <math>y</math> nan ekwasyon an.</p>	<p>(3, 8) se yon solisyon pou <math>y = 3x - 1</math>.</p>
<p><b>solution of an inequality/solisyon yon inegalite</b> Seri tout nimewo, ki lè w ranplase yo pa varyab ki nan inegalite a, rann inegalite a vre.</p>	<p>Solisyon inegalite <math>y + 2 &gt; 5</math> se <math>y &gt; 3</math>.</p>
<p><b>solution of a linear inequality/solisyon yon inegalite lineyè</b> Yon pè chif (<math>x, y</math>) ki fè inegalite vre lè yo ranplase valè <math>x</math> ak <math>y</math> nan inegalite a.</p>	<p>Yon solisyon <math>y \geq 2x - 9</math> se (5, 1).</p>
<p><b>solution of a linear system/solisyon yon sistèm lineyè</b> Yon pè òdone ki se yon solisyon pou chak ekwasyon nan yon sistèm ekwasyon lineyè.</p>	<p>Solisyon sistèm lineyè ki pi ba a se (3, 3). <math>3y - x = 6</math> <math>3y + 2x = 15</math></p>
<p><b>solve an equation/rezoud yon ekwasyon</b> Sa vle di jwenn tout solisyon yon ekwasyon lè w jwenn tout valè varyab ki rann ekwasyon an vre a.</p>	<p>Pou rezoud ekwasyon <math>n \div 4 = 7</math>, jwenn yon chif ou lè w divize 1 pa 4 li ba w 7; <math>28 \div 4 = 7</math>, ki fè solisyon an se 28.</p>
<p><b>solve an inequality/rezoud inegalite</b> Sa vle di jwenn valè varyab ki rann inegalite a vre.</p>	<p>Pou rezoud <math>x + 2 \geq 3</math>, soustrè (retire) 2 sou chak kote pou w ka jwenn <math>x \geq 1</math>.</p>
<p><b>sphere/esfè</b> Yon solik ki fòm ak tout pwèn nan yon espas epi ki a menm distans ak yon pwèn fiks yo rele sant.</p>	
<p><b>square/kare</b> Yon paralelogram ki gen kat ang dwat ak kat kote ki gen menm longè.</p>	

<b>square numbers/nonm kare</b> Dè nonm ki se kare antye relatif yo.	Paske $3 \times 3$ se 9, 9 se yon <i>nonm kare</i> .
<b>square root/rasin kare</b> rasin kare yon nimewo $n$ se yon nimewo $m$ ki, lè w multipliyè nimewo $a$ pa limenm, li egal a $n$ .	Rasin kare 81 se 9 ak $-9$ paske $9^2 = 81$ ak $(-9)^2 = 81$ .
<b>squared/okare</b> Yon chif/nimewo okare se dezyèm pisans nimewo $a$ .	3 okare endike $3^2$ , oswa 9.
<b>standard form/fòm estanda</b> Yon polinòm ki ekri ak ekspozan yon varyab kap diminye soti sou bò goch al sou bò dwat.	$3x^5 - 8x^3 + 5x^2 + x - 2$ nan fòm estanda.
<b>statistics/estatistik</b> Koleksyon, òganizasyon ak entèpretasyon done nimerik.	
<b>stem/rasin</b> Tout chif ki sou bò dwat yon chif ki etale nan yon reprezantasyon grafik nimewo sou fòm branch ak fèy (relve branch ak fèy) stem-and-leaf plot.	<i>Gade</i> reprezantasyon grafik nimewo sou fòm branch ak fèy (relve branch ak fèy) stem-and-leaf plot.
<b>stem-and-leaf plot/reprezantasyon grafik nimewo sou fòm branch ak fèy (relve branch ak fèy)</b> Yon reprezantasyon yon done ki ede w wè kouman yo distribye valè done yo. Valè chak done separe an fèy (dènye chif la) ak an branch (rès chif ki rete yo). Nan yon reprezantasyon grafik nimewo sou fòm branch ak fèy (relve branch ak fèy), yo mete fèy chak rasin nan lòd soti depi sak pi piti ale nan sak pi gwo a.	<p><b>branch fèy</b></p> <pre>       ↓   ↓     10   8     11   2 2 5     12   1 3 4 7     13   0 6   </pre> <p>Kle (endikasyon): <math>10   8 = 108</math></p>
<b>straight angle/ang dwat</b> Yon ang ki mesire egzakteman $180^\circ$ .	
<b>subtraction property of equality/pwopriyete egalite soustraksyon</b> Lè fè soustraksyon menm nimewo $a$ sou tou de (2) bò yon ekwasyon, ou jwenn yon ekwasyon ki ekivalan.	<p>Si <math>x + 7 = 9</math>, lè sa a  <math>x + 7 - 7 = 9 - 7</math>, ki fè <math>x = 2</math>.</p> <p>Si <math>x + a = b</math>, lè sa a  <math>x + a - a = b - a</math>.</p>
<b>success/siksè</b> Nan pwobalite esperimental, se nenpòt ki esè kote rezilta yap chèche a pwodwi.	Si w vle pran yon mab ble nan yon sak ki gen 20 mab epi nan sak sa a se sèlman 7 mab ki ble; kidonk pou gen siksè se pou pran mab ble a.
<b>sum/sòm</b> Rezilta ou jwenn lè w adisyonen de nimewo oswa plis.	Sòm total 2 ak 5 se $2 + 5$ , oswa 7.
<b>supplementary angles/ang sipleman tè</b> De (2) ang ki mezire yon sòm $180^\circ$ .	

**surface area of a polyhedron/sipèfisi yon poliyèd**

Se sòm sifas fas yo nan yon poliyèd.




*Sipèfisi*

$$= 2(6)(4) + 2(6)(3) + 2(4)(3)$$

$$= 108 \text{ in.}^2$$

**surface area of a prism/sipèfisi yon prism** Se sòm sifas fas yo nan yon prism. Yo mezire sipèfisi an inite kare.




*sipèfisi*

$$= 2(8 \times 6) + 2(8 \times 4) + 2(6 \times 4)$$

$$= 208 \text{ inite kare}$$

**surface area of a solid/sifas yon solid** Sòm total sipèfisi sifas deyò solid la.



*Sipèfisi* =  $2(6)(4) +$

$$2(6)(3) + 2(4)(3) = 108 \text{ in.}^2$$


**system of linear equations/sistèm ekwasyon lineyè**

Se yon ansanm ki gen de (2) sowa plizyè ekwasyon lineyè ki gen menm varyab yo.

$$3y - x = 6$$

$$3y + 2x = 15$$

**tangent/tanjant** Tanjant nempòt ang egi A nan yon triyang dwat se pwopòsyon kote opoze a pa rapò ak kote adjasan an.



**terminating decimal/chif desimal ki alafen** Yon chif desimal ki gen yon chif final.


0.4 ak 3.6125 se chif desimal ki alafen yon nimewo.

**terms of an expression/tèm yon ekspresyon** Pati yo ajoute ansanm nan yon ekspresyon.

Tèm  $2x + 3$  se  $2x$  ak  $3$ .

**tessellation/teselasyon/figi an kawo/mozayik**

Kouvèti yon plan ki gen kopi korespondan menm desen an pou pa gen ni espas ni mozayik (kawo) ki monte sou lòt.



**theoretical probability/pwobablite teyorik** A Yon pwobablite ki baze sou tout rezilta ki gen posiblite egal nan yon eksperyans. Men kouman yo prezante pwobablite teyorik yon evenman:

$$P(\text{evenman}) = \frac{\text{Kantite rezilta favorab}}{\text{Kantite rezilta total}}$$


Yon sache ki gen 20 mab ladann gen 7 mab wouj. Pwobablite teyorik pou chwazi yon mab wouj pa aza a se:

$$P(\text{wouj}) = \frac{7}{20} = 0.35$$


**transformation/transfòmasyon** Deplasman yon figi nan yon plan.

*Gade* translasyon, reflè, ak wotasyon.


**translation/translasyon** A transfòmasyon ki deplase chak pwen nan yon figi [jewometrik] a menm distans lan nan menm direksyon an; epi yo rele li *glisad*.



**trapezoid/trapèz** Yon kadrilatè ki gen egzakteman yon pè kote (2 kote) ki paralèl.




**tree diagram/reprezantasyon grafik nimewo ki sanble ak pyebwa** Yon chema ki gen branch ki montre tout chwa oswa rezilta posib yo nan yon pwosede ki fèt an plizyè etap.



Rezilta: HH, HT, TH, TT

**triangle/triyang** Yon figi [jewometrik] ki gen twa kote dwat ki konekte nan twa pwen.



**triangular prism/prism triyangilè** Yon prism ki gen baz triyangilè.

*Gade* prism.

**trigonometric ratio/rapò trigonometrik** Yon pwopòsyon longè de (2) kote yon triyang dwat.

*Gade* sinis, kosinis, ak tanjant.


**trinomial/trinòm** Yon polinòm ki gen twa tèm.

$$3x^2 + 2x - 4$$

**unfavorable outcome/rezilta defavorab** Yon rezilta ki pa yon rezilta favorab.

*Gade* rezilta favorab.


**union/inyon** Ansanm ki gen tout eleman yo nan swa ansanm A oswa ansanm B, ke yo reprezante pa  $A \cup B$ .



<p><b>unit analysis/analiz inite</b> Evalyasyon dèzespresyon ak dè zinite de mezi epi verifye ke repons ou an-itilize dè zinite ki kòrèk.</p>	<p><math>\frac{\text{miles}}{\text{è}}</math> • èdtan = mil</p>
<p><b>unit rate/to youn inite</b> Youn to ki gen youn denominatè ki 1 inite.\</p>	<p>\$9 pa èdtan se inite youn to.</p>
<p><b>universal set/ansanm inivèsèl</b> Ansanm ki konsidere tout eleman yo, yo reprezante l pa <i>U</i>.</p>	<p><i>Gade</i> dyagram an bwat a moustach (box-and-whisker plot).</p>
<p><b>upper extreme/ekstremite siperyè (kote ki anwo nèt la)</b> Pi gwo valè nan youn seri done.</p>	<p><i>Gade</i> dyagram an bwat a moustach (box-and-whisker plot).</p>
<p><b>upper quartile/katril siperyè</b> Medyan mwatye ki anwo nèt la nan youn seri done.</p>	<p><math>x</math> se youn varyab nan <math>4x - 3</math> ak nan <math>x + 3 = 5</math>.</p>
<p><b>variable/varyab</b> Youn senbòl, òdinèman youn lèt, ki reprezante youn oswa plis nimewò.</p>	<p><math>4x - 3</math> ak <math>2t^2</math> se ekspresyon varyab.</p>
<p><b>variable expression/ekspresyon varyab</b> Youn ekspresyon ki gen chif, varyab ak operasyon ladann.</p>	
<p><b>Venn diagram/dyagram Venn</b> Youn chema (dyagram) ki itilize fòm [jewometrik] pou montre rapò ki genyen ant seri diferan.</p>	
<p><b>verbal model/modèl vèbal</b> Youn ekwasyon ki ekri an mo epi ki reprezante youn sitiyasyon reyèl.</p>	<p>Distans = Vitès • Kantiye Tan pakouri = machin • vwayaje</p>
<p><b>vertex of an angle/somè youn ang</b> Pwen kòmen kote de (2) liy rankontre pou fòmè youn ang.</p>	<p><i>Gade</i> ang.</p>
<p><b>vertex of a polygon/somè youn poligòn</b> Youn pwèn kote de (2) kote youn poligòn rankontre. Yo rele li vertex ann angle, epi pliryè la se <i>vertices</i>.</p>	<p><i>Gade</i> poligòn.</p>
<p><b>vertex of a polyhedron/somè (vètèks) youn poliyèd</b> Youn pwèn kote twa oswa plis arèt poliyèd la kontre. Pliryèl la se <i>vertices</i> nan lang angle.</p>	<p><i>Al gade nan</i> arèt youn poliyèd.</p>
<p><b>vertex of a solid/somè youn solid</b> Youn pwèn kote arebò solid la rankontre. Yo rele li vertex ann angle, epi pliryèl la se <i>vertices</i>.</p>	<p><i>Gade</i> arebò youn solid.</p>



**vertical angles/ang vètikal** Lè de (2) liy kontre, ang ki opoze youn ak lòt la yo se ang vètikal.




$\angle 1$  ak  $\angle 3$  se ang vètikal;  
 $\angle 2$  ak  $\angle 4$  se ang vètikal tou.


**vertical axis/aks vètikal** Dwat nimerik vètikal ki nan yon graf.

*Al gade nan plan kowòdone.*

**vertical line test/tès liy vètikal** Si yon liy vètikal kwaze yon chema nan plis pase yon pwen, lè sa a, chema a pa reprezantan yon fonksyon.



**volume of a solid/volim yon solid** Kantite espas yon soli pran. Yo mezire volim an inite kibik (kib).



$$\text{Volim} = lwh = 6 \cdot 8 \cdot 4 = 192 \text{ pous kib}$$

**W**

**whole numbers/chif antye** Chif tankou 0, 1, 2, 3 . . . .

**width/lajè** *Gade* dimansyon.

**X**


**x-axis/aks dèz x** Aks orizontal nan yon plan kowòdone.

*Gade* plan kowòdone.

**x-coordinate/aks dèz x/absis** Premye nimewo nan yon pè chif ki nan lòd epi ki reprezante yon pwen nan yon plan kowòdone.

Kowòdone  $x$  yon pè nimewo ki nan lòd  $(-2, 1)$  se  $-2$ .

**x-intercept/segman sou aks dèz x** Kowòdone  $x$  nan yon pwen kote chema a kwaze aks dèz  $x$  la.



**y**


**y-axis/aks dèz y** Aks vètikal nan yon plan kowòdone.

*Gade* plan kowòdone.

**y-coordinate/aks dèz y/aks dèz òdone** Dezyèm nimewo nan yon pè nimewo ki nan lòd epi ki reprezante yon pwen sou yon plan kowòdone.

Kowòdone  $y$  yon pè chif ki nan lòd  $(-2, 1)$  se  $1$ .

**y-intercept/segman sou aks dèz y** Kowòdone y nan yon pwen kote chema a kwaze aks dèz y la.



# Middle School Math Glossaries in:

English

Spanish

Chinese

Vietnamese

Cambodian

Laotian

Arabic

**Haitian Creole**

Russian

Portuguese

---

Larson

Boswell

Kanold

Stiff

ISBN-13: 978-0-618-74113-7  
ISBN-10: 0-618-74113-5

